



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 373 MILYON DOLA POU EDE PEYE POU CHOFAJ NAN KAY POU KAPAB EDE REZIDAN NEW YORK YO PANDAN MWA KI FÈ FRÈT YO**

*Aplikasyon pou Pwogram Asistans Enèji Kay la ap ouvri 1 oktòb*

*Plis pase 1.6 milyon pwopriyetè kay ak lokatè te resevwa èd pou chofaj an 2020-21*

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke gen plis pase 373 milyon dola nan èd pou chofaj kay ki disponib kounye a pou Nouyòkè ki gen revni fèb ak revni mwayen yo ki bezwen asistans pou kenbe kay yo cho pandan sezon ivè k'ap vini an. Aplikasyon ouvri vandredi, 1 oktòb pou Pwogram Asistans Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program), ke yo rele tou HEAP, ki sipèvize pa Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) eta a epi li bay finansman federal pou ede pwopriyetè kay ak lokatè yo ak depans chofaj yo pandan mwa ki fè frèt yo.

"Pou anpil Nouyòkè, pri chofaj pandan sezonki fè frèt la se yon gwo depans ki ka vrèman souse bidjè kay yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwogram Asistans Enèji Kay la se soulajman akeyan pou moun sa yo ak fanmi yo pandan sezon ivè a, k ap asire yo kapab chofe kay yo ak mwa frijid k ap vini yo."

Pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye yo ka resevwa asistans chofaj pou jiska 751 dola, tou depann de revni yo, kantite moun ki nan kay la ak fason yo chofe kay la. Yon fanmi ki gen kat moun ka gen yon revni mansyèl brit maksimòm ki se 5,249 dola oswa yon revni anyèl brit ki se 62,983 dola epi yo toujou kalifye pou jwenn avantaj yo - yon ogmantasyon modès pa rappò ak ane anvan an.

Yo aksepte plikasyon pou asistans yo nan depatman lokal sèvis sosyal yo an pèsòn oswa pa telefòn, epi y'ap bay finansman sou baz yo ap sèvi moun ki vini anvan yo an premye. Ou ka jwenn yon lis biwo lokal yo dapre konte yo [isit la](#). Rezidan andeyò Vil New York yo ka [aplike sou entènèt](#) tou pou avantaj asistans chofaj regilye yo. Rezidan Vil New York yo ka telechaje yon aplikasyon epi jwenn enfòmasyon sou pwogram lan [isit la](#).

Prentan pase a, lejislati eta te pwolonje yon [moratwa](#) ki anpeche konpayi sèvis piblik yo dekonekte sèvis piblik yo nan kay rezidansyèl ki gen difikilte pou peye bòdwo yo

akòz pandemi COVID-19 la. Depreferans, konpayi sèvis piblik yo dwe ofri moun sa yo yon akò peman difere sou nenpòt ki balans ki pase.

Lwa a te pwolonje moratwa a pou 180 jou apre deklarasyon eta dijans New York la te fini nan mwa jen an. Sa vle di konpayi sèvis piblik yo ka reprann dekoneksyon rezidansyèl pou peman an kòmanse nan fen desanm, sa ki fè asistans sezon sa a nan HEAP rive plis atan menm ane sa a.

Anvan dat limit sa a, Gouvènè Hochul te mete 150 milyon dola nan finansman federal ki disponib pou ede kay ki gen revni fèb yo peye aryere sèvis chofaj yo si yo pa kalifye pou asistans sa a nan kad Pwogram Asistans Ijans pou Lwaye (Emergency Rental Assistance Program, ERAP) New York la. Peman yon sèl fwa pral kouvri tout aryere sèvis piblik pou chofaj akimile yo jiska 10,000 dola pou chak kay, ak aplikasyon pou asistans ke yo aksepte nan depatman sèvis sosyal lokal la an pèsòn oswa pa telefòn.

"Pou twòp Nouyòkè, mwa sezon fredri k ap vini yo poze yon fado finansye siyifikatif akòz gwo depans pou chofe yon kay", **Komisè Egzekitif Adjwen OTDA, Barbara Guinn, te deklare.** "Pwogram Asistans Enèji Lakay la ede soulaje kèk nan fado sa a pou pwopriyetè kay ak lokatè yo, sa k ap pèmèt yo debwouye yo pandan tanperati a ap bese."

Ane pase a, HEAP te bay Nouyòkè toupatou nan eta a anpil èd enpòtan. Gade lis [kay 2020-21 HEAP la ke konte a sèvi](#).

Nouyòkè ki resevwa asistans HEAP sezon sa a e ki kontinye bay reta sou bòdwo sèvis piblik yo oswa ki pa gen anpil gaz pou chofaj ka kalifye tou pou yon avantaj HEAP ijans pou yon sèl fwa. Yo pral aksepte aplikasyon pou avantaj ijan yo apati 3 janvyè.

Nenpòt moun ki bezwen asistans ijan yo ta dwe kontakte depatman sèvis sosyal lokal yo a. Pou yo kalifye pou pwogram finansman federal sa yo, aplikan yo dwe satisfè kritè kalifikasyon HEAP la [ak direktiv sou revni yo, ki varye selon kantite moun ki nan kay la](#).

Kounye a gen èd ki disponib tou pou mèt kay ki kalifye yo si ekipman chofaj prensipal yo danjre oswa li pa fonksyone epi si yo dwe repare oswa ranplase founo oswa chodyè yo. Kantite benefis yo atravè pwogram Reparasyon ak Ranplasman Ekipman Chofaj HEAP yo baze sou pri aktyèl ki fèt pou repare oswa ranplase ekipman chofaj esansyèl la-jiska 3,000 dola pou yon reparasyon ak 6,500 dola pou yon ranplasman.

Pwopriyetè kay ki kalifye yo kapab aplike kounye a pou yon avantaj pou Netwaye ak Regle Ekipman Chofaj HEAP pou kenbe pwòp sous chofaj prensipal lakay an fonksyon nan kapasite maksimòm yo. Aplikan pou avantaj sa yo dwe kontakte depatman sèvis sosyal lokal yo a pou yo jwenn plis enfòmasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)